

ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO: LÒD POU PATI YO EMÈT

YON AJANS NAN VIL NOUYÒK TE EMÈT YON LÒD POU PATI. DOKIMAN SA A BAY ENFÒMASYON SOU KISA SA VLE DI, A KI PWOCHEN ETAP OU KA ATANN OU EPI KIJAN POU JWENN ASISTANS.

Para obtener una copia de este folleto sobre la Orden de Desalojo que se ha emitido para su edificio, utilice el código QR al final de este documento.

للحصول على نسخة من هذا المنشور المتعلق بأمر الإخلاء الصادر للمبني الخاص بك، يُرجى استخدام رمز الاستجابة السريعة (QR) في نهاية هذه الوثيقة.
আপনার ভবনের জন্য জারি করা ভ্যাকেট অর্ডার (ভবন ছেড়ে চলে যাওয়ার নির্দেশ) সংক্ষিকার একটি কপির জন্য, এই ডকুমেন্টের শেষে
দেওয়া QR কোডটি ব্যবহার করুন।

Pour obtenir une copie de cette brochure sur l'arrêté de péril imminent qui a été prononcé pour votre bâtiment, utilisez le QR code se trouvant à la fin de ce document.

Si w vle resevwa yon kopi tiliv sa a sou Lòd pou Pati yo te pase pou bilding ou an, sèvi ak Kòd QR ki nan fen dokiman sa a.

귀 건물에 발부된 퇴거 명령과 관련된 본 팜플릿의 사본이 필요한 경우, 문서 끝에 있는 QR 코드를 사용하십시오.

Kopię niniejszej broszury dotyczącej Nakazu Opuszczenia Nieruchomości, który został wydany dla Państwa budynku, można uzyskać, skanując kod QR na końcu tego dokumentu.

Для получения копии этого буклета о Приказе об освобождении помещения, который был выдан для вашего здания, используйте QR-кд в конце этого документа.

如需有关针对您所在建筑物发布的撤离令的小册子副本，请使用本文件末尾的QR码。

آپ کی عمارت (آپ کے مکان) کو خالی کرنے کے لئے جاری شدہ حکم کے بارے میں اس کتابچے کی ایک کاپی حاصل کرنے کے لئے، اس دستاویز کے آخر
میں دئے گئے QR کوڈ کا استعمال کریں۔




Kisa yon Lòd pou Pati ye?

Yon ajans minisipal te emèt yon Lòd pou Pati pou apatman oswa bilding ou an akòz yon sitiyasyon ki oswa gen gwo chans pou l danjere oswa nefas pou lavi moun, pou sekirite publik oswa pou pwopriyete a. VACATE ORDER (Lòd pou Pati) an dwe afiche yon kote ki vizib anpil nan bilding ou an epi li dwe gen ladan rezon pou Lòd pou Pati an ak non ajans minisipal (oswa ajans minisipal yo) ki te bay lòd pou pati an. Si lòd pou pati an afekte apatman w lan, ou pa kapab rete viv ladan l jiskaske ajans lan (oswa ajans yo) leve oswa anile lòd pou pati an. Eksane kòd QR ki anba a anba non ajans lan pou jwenn plis enfòmasyon detaye sou evakyasyon an.

Chèche Enfòmasyon sou Lòd pou Pati:
**Depatman Prezèvasyon ak Developman
Lojman (Department of Housing
Preservation and Development)**



Chèche Enfòmasyon sou
Lòd pou Pati:
**Depatman Konstriksyon
(Department of Buildings)**



Ki kote mwen ka rete?

Si w bezwen abri tanporè, tanpri gade anba a:

- Abri tanporè:** Kontakte American Cross nan Aglomerasyon New York la nan 1-877-RED-CROSS (733-2767), Opsyon 1. Lakwa Wouj ka ofri yon abri tanporè pou jiska de nwit pou fanmi ki elijib yo.
- Abri alontèm:** Kontakte HPD Sèvis Lojman Dijans (Emergency Housing Services, EHS) nan (212) 863-7660 oswa pa imèl nan EHS-Remote@hpd.nyc.gov pou wè si ou kalifye pou yon abri alontèm nan yon sant abri EHS. Si w bezwen yon akomodasyon rezonab, ou ka soumèt demann ou lè w ap enskri pou sèvis pou jwenn abri yo. Menmsi w pa bezwen asistans nan men vil la pou w jwenn yon lojman tanporè, li rekòmande pou w enskri nan EHS si w vle resevwa yon notifikasyon lè yo anile lòd pou pati pou bilding ou an (ou dwe bay pwoprietè bilding la enfòmasyon pou kontakte w tou).



Kijan mwen ka rekipere afè pèsonèl mwen yo?

Toudepan nan ki kondisyon bilding ou an ye, yo ka ba w dwa pou rekipere atik esansyèl, tankou medikaman ou yo ak dokiman idantifikasiyon w yo. Kontakte mèt kay ou a pou li ba w aksè. Nan sèten sitiyasyon, pwopriyetè bilding yo pral bezwen kowòdone ak Depatman Konstriksyon Vil Nouyòk (DOB) la pou detèmine si li sekirite pou antre nan bilding lan.



Eske vil la ofri asistans lajan kach pou ijans?

Ou ka elijib pou jwenn asistans pou ijans atravè Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk (NYC Human Resources Administration) pou rad, atik pèsonèl, oswa mèb ke ou pèdi akòz yon dife oswa yon katastwòf natirèl. Pou plis enfòmasyon, kontakte Administrasyon Resous Imèn nan 718-557-1399 oswa vizite nyc.gov/site/hra/help/cash-assistance.page



Kijan mwen ka jwenn sipò pou jesyon kriz?

Pwosedi evakyasyon an estresan. 988 ba ou aksè gratis ak konsèy konfidansyèl pou kriz, sipò pou sante mantal ak toksikomani, enfòmasyon ak rekòmandasyon 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn pa telefòn, tèks ak tchat sou entènèt. Pwofesyonèl pou swen sante konpòtmantal yo ka konekte w ak sèvis ou bezwen yo nan plis pase 200 lang.

- Rele oswa voye tèks nan 988
- Tchat sou entènèt nan 988lifeline.org



1 Kisa k ap rive apre?

Mèt kay/pwopriyetè biling ou a dwe repare pwoblèm ki te lakòz Lòd pou Pati an. Pwopriyetè a ka oblige anboche yon enjenyè oswa yon achitèk ki gen lisans pou l soumet dokiman ki nesesè yo bay DOB a pou asire ke tout travay yo fèt an sekirite epi selon kòd konstriksyon yo.

Apre yo fin repare pwoblèm nan (yo), mèt kay la dwe mande pou yo leve Lòd pou Pati an. Apre sa, chak ajans minisipal ki te emèt yon lòd pou pati pral enspekte travay la epi, si sa apwopriye, anile Lòd pou Pati an. Sonje ke si plis pase yon ajans minisipal te emèt yon Lòd pou Pati, se chak ajans ki dwe anile Lòd pou Pati sa anvan ou kapab repran posesyon biling nan.



Èske mwen pèdi dwa mwen genyen sou apatman mwen an?

Dwa w yo ka varye selon si w ap viv nan yon apatman kote pri lwaye stabilize, pri lwaye kontwole oswa pri lwaye a depanne mache a, epi tou depanne kantite domaj biling nan te sibi, pam iòt faktè. Nou rekòmande pou w konsilte yon avoka ki abitye ak lwa sou lojman NYS ak NYC yo.

Si w se yon lokatè **nan yon apatman ki gen pri lwaye stabilize/lwaye kontwole**, ou ka mande pou redui lwaye w la legalman pou rive \$1/mwa pou peryòd ou pa ka abite nan apatman w lan. Anpil moun ap viv nan apatman ki gen pri lwaye stabilize epi yo pa konnen sa. Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (Division of Housing and Community Renewal, DHCR) kapab bay plis enfòmasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan DHCR nan <https://hcr.ny.gov/living-conditions-and-essential-services>.



Mwen pa gen mwayen pou mwen peye yon avoka, èske gen opsyon pou mwen jwenn sèvis jiridik gratis?

Si ou pa kapab peye yon avoka, rele 311 epi mande pou "Tenant Helpline" (Liy Asistans Lokatè).



E si mèt kay la ap eseye asele m pou m pa tounen?

Lè yon pwopriyetè itilize asèlman pou fòse lokatè yo kite apatman yo oswa renonse ak dwa yo, se yon bagay ki ilegal. Ou ka chèche tou sèvis jiridik gratis pou ede w si y ap asele w. Egzanp asèlman yo ka enkli, men yo pa limite ak:

- Pa ofri kontra lwaye, renouvèlman kontra lwaye, oswa eseye plizye fwa peye w pou w demenaje oswa pou w renonse ak dwa w yo ("yon racha")
- Pa konsilte ajans Minisipal la pou pèmèt ou rekipere afè pèsònèl ou yo
- Ofri w yon racha pandan y ap menase w, entimide w oswa itilize langaj obsèn, pandan y ap kontakte w nan espas travay ou san yo pa gen otorisasyon alekri w, oswa lè yo bay fo enfòmasyon pa rapò avèk of racha a
- Avi degèpisman ki pa jistifye oswa bloke w deyò ilegalman
- Menas ak entimidasyon (pa egzanp, apèl nan telefòn pou ankouraje w demenaje oswa renonse ak dwa w yo).
- Entansyonèlman kreye pwoblèm ki lye ak konstriksyon pou lokatè yo (pa egzanp travay apre lè, bloke pòt dantre yo, oswa pa retire pousyè ak debri ki an eksè yo)
- Pa fè reparasyon ki nesesè ke Lòd pou Pati an (yo) egzije yo alè
- Pa fè w konnen lè vil la jije ke biling oswa apatman kote w te abite a abitab kounyeya epi ke yo anile lòd pou pati an



Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Lòd pou Pati an (yo), reparasyon biling yo, ak sitiayson Lòd pou Pati an?

Ajans lan (ajans yo) ki te soti Lòd pou Pati an idantifye nan Lòd pou Pati ki afiche nan papòt biling lan. Pou jwenn enfòmasyon detaye konsènan Lòd Evakysyon an, ki enkli:

- Kisa ki dwe fèt pou leve Lòd Evakysyon an?
- Èske mwen ka swiv avansman reparasyon yo?
- Kijan pou mwen konnen kilè li san danje pou mwen retounen?

Tanpri refere w ak kòd QR ki anba ajans ki koresponn ak yo an nan Paj 1.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa lojman ou yo an jeneral ak resous adisyonèl pou lokatè yo, eskane kòd QR ABCs of Housing ki anba a:

